



MIZAJOU IMIGRASYON UNITE HERE

Kòm sendika travayè ospitalye yo, nou konnen endistri a pat kapab fonksyone san travay imigran. Plizyè milyon travayè imigran sèvi peyi nou an ak endistri ospitalye kòm menajè, kwizinye, moun kap prepare manje ak moun kap sèvi, travayè ayewopò, moun kap lave vezo ak pi plis.

Pandemi COVID la frape endistri a fò:

- Imigran yo, anpil nan yo se travayè esansyèl, ki te gen plis pousantaj enfeksyon ak lanmò akòz COVID.
- Imigran ki pat gen pape yo, te refize yo travay ak chèk estimilis yo.
- COVID te ekspozè sistèm rasis ak inegalite ki nan ekonomi nasyon ak sistèm swen sante nou an.

Nou travay di pou nou REPRAN 2020 an ak eli Joe Biden ak Kamala Harris pou gen jistis pou tout travayè yo, enkli travayè imigran yo.

Men yon rezime kèk nan chanjman imigrasyon ak amelyorasyon Administrasyon Biden nan pote deja.

Liy Enpòtan yo

1. Prezidan Biden te siyen yon valè Aksyon Egzekitif kosènan imigrasyon nan premye jou li an fonksyon, enkli prezève DACA.
2. Li te anonse Lwa (U.S. Citizenship Act of 2021) Sitwayènte Ameriken an 2021, lejislasyon ki ta bay estati legal pou 11 milyon imigran ki pa gen pape, enkli moun ki gen TPS ak DACA. Li ta benefisye tou pwoteksyon travay ak kreye yon sistèm imigrasyon ki pi imèn.
3. Deziyasyon moun ki gen Estati Pwoteksyon Tanporè (TPS) ekspire nan divès moman nan ane kap vini an (gade anba a). UNITE HERE ak lòt sendika yo ap goumen pou rezidans pèmanan ak yon santye pou sitwayèntge pou moun ki gen TPS yo, e yo pwoteje tou nan pwojè lwa imigrasyon Biden nan.
4. Annatandan, nou ankouraje tou moun ki kalifye yo pou yo aplike pou Sitwayènte Ameriken (<https://www.uscis.gov/citizenship>). Nou konbat efò Trump te fè yo pou l ogmante frè ak elimine egzansyon frè yo. Frè a toujou rete \$725 e egzansyon frè ak frè redwi toujou disponib. Administrasyon Biden nan gen plan pou l akselere pwosesis aplikasyon sitwayènte yo.

DACA (Aksyon Difere pou Timoun Kap Fèt)

(Sèvis Imigrasyon ak Sitwayènte Ameriken) United States Citizenship and Immigration Service kounye a ap aksepte nouvo aplikasyon DACA, demann renouvèlman, ak aplikasyon pou libète pwovizwa davans. (<https://www.uscis.gov/humanitarian/consideration-of-deferred-action-for-childhood-arrivals-daca>)

Moun ki gen DACA apati dat 28 Jiyè 2020 e ki apwouve pou yon peryòd yon-ane dwe enfòm ke peryòd aktyèl aksyon difere ak dokiman otorizasyon travay (EAD) yo te otomatikman pwolonje soti nan yon ane a pou de ane.

TPS (Estati Tanporè Pwoteje - Temporary Protected Status)

Estati Tanporè Pwoteje, oswa TPS, se yon estati imigrasyon ki sove lavi ki pèmèt resòtisan etranje ki soti nan peyi yo deziyen yo rete nan Etazini. Si pandan tan yo nan Etazini an yon katastwòf rive nan peyi yo ki anpeche yo retounen an sekirite – pa egzanp lagè, famin, dezaz natirèl, oswa epidemi. TPS pèmèt moun travay legalman e yo pwoteje kont depòtasyon. **Deferred Enforced Departure – Depa Fòse Difere**, oswa DED, tankou TPS, pèmèt resòtisan etranje yo pwoteje kont depòtasyon e yo gen opòtinite pou yo travay. Yo jwenn DED a pa relasyon etranje Prezidan ki nan pouvwa a.

Nou ka jwenn 12 peyi orijin ak dat ekspirasyon TPS oswa DED pou peyi sa yo anba a, men sonje pou yo pran avantaj nan pwolongasyon sa yo, moun sa yo dwe toujou kalifye pou TPS oswa DED.

Peyi	Dat ekspirasyon TPS oswa DED aktyèl*	Peyi	Dat ekspirasyon TPS oswa DED aktyèl*
Salvador	10/04/21	Somali	09/17/21
Ayiti	10/04/21	Sid Soudan	05/02/22
Ondiras	10/04/21	Soudan	10/04/21
Liberya	06/30/22	Siri	09/30/22
Nepal	10/04/21	Venezyela (DED)	07/20/22
Nikaragwa	10/04/21	Venezyela (TPS)	09/09/22
		Yemèn	09/03/21

*Administrasyon Biden nan ka chwazi pou l pwolonje deziyasyon sa yo. UNITE HERE ak lòt sendika yo ap goumen pouk at Vèt (Green cards) ak yon vwa pou sitwayènte pou moun ki kalifye pou TPS ak moun ki gen DED yo.

Refòm Imigrasyon ak Kongrè

Se sèlman Kongrè ki ka chanje règleman sou kiyès ki kalifye pou rezidans pèmanan ak sitwayènte. Pandan Prezidan Biden anvi ranje sistèm imigrasyon nou an ak bay 11 milyon moun ki pa gen papye estati legal ak sitwayènte, li paka fè sa poukont li. Kongrè a dwe pase pwojè lwa imigrasyon Biden nan, oswa lòt lejislasyon, pou bay pwoteksyon pèmanan pou moun ki gen DACA, TPS, oswa ki pa gen papye yo. Jiska jodia, Kongrè a PA pase pwojè lwa sa a.

UNITE HERE ap pouswiv lejislasyon aktivman nan Washington DC pou l pwoteje frè ak sè imigran nou yo ak sekirize sitwayènte konplè pou sa yo ki travay di anpil nan peyi nou an. Tanpri tcheke ak lidè lokal ou pou plis enfòmasyon sou kijan ou ka ede.

Kontra Inyon yo pwoteje tout travayè yo

Kèlkeswa estati legal ou, ou gen pwoteksyon nan peyi sa a lè ou anba yon kontra sendika. Pllizye nan kontra Sendika Entènasyonal ak lokal nou yo negosye gen pwoteksyon pou manm imigran nou yo. Men kèk egzanp, men asire pou w tcheke kontra sendika w pou w konnen ki pwoteksyon ou genyen.

- Anplwayè yo paka fè diskriminasyon kont yon travayè akòz orijin nasyonal yo, estati imigrasyon, oswa nan ka kote otorizasyon travay yo chanje, toutotan travayè a otorize pou l travay nan Etazini.
- Travayè yo jwenn yon jou ferye peye pou yo ale nan seremoni sèmantasyon san yo pa pèdi konpansasyon pou tan lib sa a.
- Anplwayè yo kontribye nan yon fon komen avèk travayè yo pou asistans legal sou pwosedi imigrasyon ak natiralizasyon.
- Travayè yo pwoteje kont anplwayè yo lè yo itilize yon chèk tankou E-Verify, sof si lalwa egzije sa.
- Si yo revoke yon anplwaye oswa si l demisyone akòz yon pwoblèm nan otorizasyon travay yo, yo gen 12 mwa pou yo bay prèv otorizasyon travay pou reanplwaye touswit san yo pa pèdi ansyènte yo.
- Anplwayè yo dwe kontakte Sendika a touswit nan ka ta gen yon ankèt sou yon anplwaye ki soti nan (Depatman Sekirite Teritwa) Department of Homeland Security.
- Yo atann pou anplwayè yo refize kite ajan ICE yo antre nan espas travay la oswa enspekte papye travayè yo san pa gen yon manda jidisyè valab, ki bay travayè yo soulajman kont laperèz atak sipriz.

Pou plis enfòmasyon, pale ak lidè lokal ou.